# Qaraqalpaqstan Respublikası bajıxana basqarması kubogı jarısları juwmaqlandı

Image not found or type unknown

26 yanvar - Ózbekstan Respublikası Mámleketlik bajıxana xızmeti uyımları xızmetkerleri kúni múnásibeti menen aymaqtaǵı huqıq qorǵaw organları arasında shólkemlestirilgen mini-futbol boyınsha jarıs juwmaqlandı.

Nókis qalasında jaylasqan Balalar hám óspirimler sport mektebinde ótkerilgen usı jarısta Qaraqalpaqstan Respublikası bajıxana basqarması baslıǵı kubogı ushın jámi 10 komanda kúsh sınastı.

Image not found or type unknown

Final basqıshına puqta tayarlıq penen jetip kelgen Qaraqalpaqstan Respublikası Ishki isler ministrligi 2-sanlı tergew qamaqxanası hám Qaraqalpaqstan Respublikası bajıxana basqarması komandaları óz-ara bellesti.

Komandalar oyınnıń tiykarǵı waqtında 3:3 esap penen kúshleri teń kelgen bolsa, penaltiler seriyasında bajıxanashılar komandasınıń 4:5 esap penen qolı jeńip shıǵıp, sıylı 1-orındı iyeledi hám Qaraqalpaqstan Respublikası bajıxana basqarması baslıǵı kubogı iyesine aylandı.

Jarısta aktiv qatnasqan komandalar aǵzalarına húrmet jarlıqları, jeńimpaz komandalarǵa diplom hám qımbat bahalı sawǵalar tapsırıldı.